

Domaj ka rive nenpòt lè nan kay ou. Lè sa rive, ou vle sèvis rapid, pèsonèl ak pwofesyonèl pou pwoteje ak restore byen ki gen plis valè ou genyen.

Domaj Dlo Sanzantann?

Citizens gen de pwogram ki ka disponib pou ede ou sou wout rekiperasyon an lè kay ou gen domaj dlo ki te koze pa dechaj aksidantèl oswa yon debòdman dlo oswa vapè nan plonbri, chofaj, klimatizè, sistèm otomatik awozwa pwoteksyon dife oswa aparèy nan kay la. Tou depan de sitiyasyon an, ou ka kalifye pou pran avantaj de youn oswa tou de pwogram yo. Reprezantan Citizens ou an pral la pou reponn kesyon ou yo epi gide w' atravè pwosesis la, depi nan kòmansman rive nan finisman. Remak: Egzanp ki bay yo pa garanti pwoteksyon pou sitiyasyon ki dekri yo.


Pwogram Reparasyon Citizens ap jere

Pwogram reparasyon Citizens ap jere a ofri kliyan ki kalifye yo sèvis pou fè lakay yo tounen nan kondisyon anvan pèt li si pwopriyete yo a te sibi domaj akòz dlo ki pa gen rapò ak move tan.

Pwogram sèvis retire dlo ann ijans gratis

Aksyon rapid pou pwoteje kay ou kont plis domaj enpòtan apre yon pèt dlo. Citizens ofri sèvis retire dlo gratis ak seche dlo aprè pèt dlo ki kalifye yo. Sèvis retire dlo ann ijans bay solisyon pou pwoteje kay yon moun ki gen kontra asirans kont plis domaj nan yon pèt dlo ki pa rive akoz move tan. Kontakte Citizens First pou rapòte reklamasyon w' lan epi pran nenpòt etap ki nesesè pou kanpe yon echapman aktif. Nou detèmine byen vit si sèvis ki gen anpil valè sa a disponib pou

pèt ou a, epi si ou patisce nan pwogram sa a, franchiz asirans ou a pa aplike pou sèvis sa a ki konplètman gratis.



Pwogram Rezo kontraktè Reparasyon Jere

Koneksyon Kontraktè (Contractor Connection) gen yon rezo kontraktè apwouve ki ka okipe de reparasyon pèmanan pou domaj ki kouvrir kay ou a sibi. Ou travay ak kontraktè lokal ki verifye, ki gen lisans epi ki gen asirans.

Nenpòt travay apwouve garanti ak yon garanti atizan pa kontraktè apwouve a pou senk lane yon fwa tout reparasyon yo fini. Dediktib sou asirans ou a aplike pou reparasyon pèmanan ki kouvrir yo.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at www.citizensfla.com/brochures.



Kòporasyon Asirans Pwopriyete Citizens

866.411.2742

www.citizensfla.com

02/24

Itilize Pwogram Reparasyon Citizens ap jere



1



Premye Avi Pèt

Ou remake dlo sou planche a devan frijidè a akòz yon liy dlo ki soti nan mi an. Apre yo fin fèmen dlo a pou sispann kote k'ap koule a, ou kontakte *Citizens First* pou rapòte reklamasyon w' lan swa lè ou soumèt li atravè myPolicy sou sitwèb *Citizens* nan oswa lè ou rele *Citizens*. Y'ap bay enfòmasyon gratis sou pwogram sèvis ijans pou retire dlo pandan pwosesis la. Si ou chwazi patisipe nan pwogram nan, *Citizens* kontakte vandè mitigasyon an imedyatman pou mande sèvis. Nan inèdtan apre ou fin rapòte reklamasyon w' lan, kontraktè mitigasyon an ap kontakte ou pou fè aranjman pou sèvis seche dlo.

Si ou chwazi pou pa patisipe nan pwogram nan epi itilize pwòp kontraktè ou, reklamasyon w' la sijè a yon limit de \$3,000 pou sèvis seche dlo, mwens nenpòt franchiz ki aplikab.

2



Pwogram Sèvis Retire Dlo ann ijans

Apre ou fin rele pou rapòte reklamasyon ou lan epi w' fin aksepte òf nou an nan sèvis pou retire dlo gratis, kontraktè mitigasyon ou lan pral pwogramme yon lè avèk ou pou rive sou plas pou kòmanse sèvis seche a. Pwosesis seche a ka pran plizyè jou selon gravite domaj la. Si ou te aksepte òf nou an pou itilize sèvis sa a epi apre sa yo detèmine ke pèt la pa kouvri, ou pa responsab pou pèman sèvis sechaj yo.

Si ou pako rapòte reklamasyon w' lan bay *Citizens* deja, fè sa imedyatman pou asire ou ke w' respekte egzijans règleman yo. *Citizens* pral fè aranjman pou fè yon ajistè soti epi enspekte domaj la pou detèmine kòz pèt la.

Sèvi ak pwòp kontraktè sechaj pa w' la? Kouvèti pou mezi ijans rezonab yo pran kòm repons a yon pèt dlo ki kouvri limite a yon maksimòm de \$3,000, mwens nenpòt franchiz aplikab.

3



Enspeksyon

Apre sechaj la fini, yon ajistè *Citizens* pral enspekte pwopriyete w' la epi detèmine kòz pèt la. Nan egzanp sa a, pèt ou a kouvri epi ajisteman an ekri yon estimasyon reparasyon pou reparasyon pèmanan. Y'ap revize estimasyon pou reparasyon yo avèk ou anvan travay la kòmanse.

Menm si ou te itilize pwòp kontraktè ou, asirans ou a egzije w' pou ou fè *Citizens* konnen pèt la epi pèmèt yon ajistè *Citizens* yo enspekte pwopriyete w' la anvan reparasyon kòmanse pou detèmine kòz pèt la ak limit domaj ki kouvri yo. Reklamasyon ou pou alèjman dlo pou yon pèt ki kouvri limite a \$3,000 apre nenpòt franchiz ki aplikab. Kantite lajan yo peye pou alèjman, jiska \$3,000, tou redwi kantite lajan ki disponib nan limit total \$10,000 pou pèt dlo a. Si pèt ou a pa kouvri epi ou te itilize pwòp kontraktè ou, yo p'ap ranbouse depans ou yo.

4



Pwogram Rezo kontraktè eparasyon Jere

Pandan w'ap diskite sou estimasyon pou reparasyon yo, ajistè *Citizens* ou a ap enfòme ou sou Pwogram Rezo Kontraktè Reparasyon jere a. Lè ou fè reparasyon yo atravè rezo Koneksyon Kontraktè sa konekte ou ak kontraktè lokal yo ki bay yon garanti senk lane nan travay sou reparasyon ki kouvri yo. Si ou chwazi patisipe nan pwogram nan, ou dwe siyen yon kontra reparasyon ak yon kontraktè lokal Koneksyon Kontraktè epi peye yo dediktab règleman ou lan.

Menm si ou te itilize pwòp kontraktè ou, ou ka kalifye pou reparasyon atravè rezo kontraktè a. Mande ajistè ou la pou plis detay.

Si ou chwazi pou ou pa patisipe nan Pwogram Rezo Kontraktè Reparasyon Jere an epi anboche pwòp kontraktè ou, reklamasyon w' lan sijè a yon limit \$10,000 pou reparasyon pèmanan, ki gen ladan nenpòt montan *Citizens* peye pou mezi ijans rezonab si ou refize òf *Citizens* pou sèvis gratis pou retire dlo ann ijans tou.

5



Pandan Reparasyon yo

Pandan travay la ap kòmanse sou reparasyon yo, ajistè ou la pral kontakte w' pou kontwole pwogrè yo epi reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen. Yo pral travay avèk ou pou tabli yon apèl Mizajou regilye pou asire ke tout reparasyon yo ap pwogrese epi satisfè atant ou yo.

6



Finisman ak Satisfaksyon

Yon fwa reparasyon yo fini, ou ta dwe mande kontraktè w' la pou li mache gade tout bagay avèk ou pou asire ou ke tout bagay te fini ak satisfaksyon w'. Kontraktè w' la ap mande ou pou ou siyen yon Sètifika Satisfaksyon. Kontraktè a ta dwe ba ou enfòmasyon tou sou garanti pou reparasyon pèmanan ki kouvri yo ansanm ak enfòmasyon kontakt.

Yon fwa ke kontraktè a soumèt Sètifika Satisfaksyon an ki siyen, nou pral bay yon chèk peyab pou ou menm ak kontraktè ou la. W'ap resevwa yon lèt final *Citizens* pa lapòs pou konfime pwosesis final la.

7



Ankèt Final

Citizens pral kontakte ou apre tout pwosesis la fini pou rasanble fidbak epi reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele *Citizens First*

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742